Bible for Shildren

Noah and di Big Wota

Na Edward Hughes write am

Na Byron Unger; Lazarus; Alastair Paterson Illosrate am

Na M. Maillot; Tammy S. Adapt am

Na www.christain-translation.com translate am

Na Bible for Children produce am
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.
License: You get di right to copy or print dis story, as long as you nor dey sell am.

Noah na pesin wey dey fear God. But evry oda pesin dey bad for di Oga God eye. So one day God kon tok sey wey shock everibodi. So God kon tell Noah, "I don sey I go kill evritin wey dey dis eart," "Na only your family I go save."



God kon warn Noah sey big wota dey kom and e go kover di eart. "Make yu go make one big boat for your family and for plenty animals," God gife Noah dat instruction. Noah start work!



3

Pipol kon dey carri Noah dey do yeye as hin dey try dey explain why hin do di ark.

Noah kon dey build. Hin also kontinue dey tell di Pipol about God. Nobody wan listen.



4

Noah get big faith. Hin believe God even though sey rain nefa fall bifor. Later di ark kon dey ready to dey load di supply dem.

5

Now di animal dem kom. God bring seven of diffren-diffren animals, two of other type. Birds wey dey big and small, animals wey dey tiny and tall carri bodi enta inside di ark.



6

E bi like sey di pipol dey shout dey insult Noah as hin dey carri di animals dey enta. Dem nor stop dia sinning against God. Dem nor even wan enta di ark.



7

Las-las, all di animals and birds dem enta. "Kom inside di ark," God kon invite Noah. "You and your family." Noah, hin wife, hin three sons and dia wives sef follow enta di ark. Na so God klose di door!



8

Na so di rain
start. Na big
downpour wey soak
di eart for forty
days and nights.

9

Di big wota
pour ontop towns
and villages dem. Wen di rain
kon stop, even di mountains
dey under water. Evritin wey
get life for di eart kon die.

10



As di wota rise, di ark kon
dey float on top wota. E fit
bi sey e dey dark for inside,
maybe dey bumpy, and
maybe e even dey scary.
But di ark bi shelter for
Noah from di flood.

11

After five months of di wota, God
kon send drying briz. Small-small, di
boat kon stay on-top one mountin wey
dem dey koll Ararat. Noah stay for
inside for anoda forty days as di
wota dey
go low.

12

Noah open di window wey e make for di boat kon
send one bird go. Di dove nor si anywhere pesh
put, bikos wota still kover di eart, so e kom
meet Noah back for di boat.

13



Noah wait for anoda
seven days, den e send
di dove go again. Wen di
dove kom back for evening,
betta fresh olive tree leaf
dey en mout! Noah kon know sey
di wota don almost dry
finish. But dis
time, di dove nor
kom back.

14

Den God tell Noah, Make una kom out from di boat, both yu, yor wife, yor shidren and dia wife. And bring out di animals.

15

Imagin how grateful Noah dey feel! Hin build altar and hin worship God wey save am and hin family from di terrible wota.



16

God kon promise Noah. "I nor go ever curse di eart again, bikos of wetin human being do. I go use rainbow as sign for di sky and e go bi sign for di kovenant wey I make with di eart."



17

Noah and hin family kom start new life afta di wota. As time dey go, hin shildren-shildren kon dey make pipol plenty for di whole world. All di nation of di world kom from Noah and hin shildren.



18

Noah and di Big Wota

Story wey kom from di Word of God, di Bible,

dey for inside

Jenesis 6-10

"Di tishing for your word dey give lite."
Psalm 119:130

19

Na Di End

20

Dis Bible story dey yarn us about our wonderful
Baba God wey kreate us and Hin wan make wi sabi Am.

God sabi sey wi don do bad tins, wey Hin dey call sin. Di punishment for sin na die, but Baba God love you too much wey Hin kon send Hin only Pikin, Jesus, make Hin kom die on top Kross and make dem punish am for your sins. Den Jesus kon kom back to life and kon go back to Heaven! If you believe inside Jesus and you kon ask Am to forgive your sins, Hin go do am! Hin go kom and live inside you now, and you go live wit Am foreva.

If you believe sey dis na di truth, tok like dis to God: Dear Jesus, I believe sey You bi God, and kon bikom man to die for my sins, and now You dey live again. Abeg kom inside my life and forgive my sins, so dat I go fit get new life now, and one day I go fit dey wit You foreva. Helep me to obey You and live for You as Your pikin. Amen.

Read di Bible and tok wit God every day! John 3:16